

DOWN SYNDROME

HAITIAN CREOLE

KISA (DOWN SYNDROME) NAN YE

Gen plizyè santèn milye de moun ozetazini kap viv ak kondisyon saa yo rele (down syndrome)nan. Avèk nivo de vi ki amelyore nan zafè swen ak sante popu fanmi kap viv nan kominote yo, kantite moun ki gen kondidyon saa ogmante paske kounye a , yo viv rive jis nan swasantèn. Depi lè yo fèt, pase laj timoun , rive nan granmoun, se yon privilèj ke (DOWN SYNDROME INDIANA,INC) genyen pou l sèvi moun ki gen kondisyon saa avèk fanmi yo , pou l bay o èd,sipò,konsèy, direksyon e fè yo alèz nan kominote yo ye a.



Premyeman e anvantou, pa gen anyen yon paran te ka fe pou koze ou anpeche kondisyon say o rele (down syndrome)nan. Down syndrome se yon anomali ki nan kromozom moun nan . Kondisyon an pote non saa , paske premye moun ki te dekri kisa li ye, te relel docte Langdon Down . Apeprè 1 sou 691 ti bebe nan mond lan fèt avèk kondisyon saa yo rele (down syndrome)nan e li rive nan tout ras e nan tout kouch ak nivo sosyal e ekonomik

Majorite moun ak kondisyon (down syndrome), gen yon bagay ki rele (trisomy 21) ou byen yo gen 3 kopi nan tout kromozom 21 yo, se yon bagay ki rive pa aza. Ou ka tandè yo di ke se fanm ki avanse nan laj yo, ki gen plis chans fè yon ti bebe ak kondisyon (down syndrome)nan, menmsi se vre ke chans pou w gen ti bebe ak kondisyon(down syndrome)nan ogmante ak laj,majorite ti bebe ak kondisyon saa (down syndrome) fèt ak fanm ki poko gen 30 an.

Pou plis infòmasyon sou (down syndrome) ou ka vizite sit : dsindiana.org osinon ou ka kontakte DOWN SYNDROME INDIANA, INC OFFICE at (317 925 7617 ou byen email: info@dsindiana.org

